

Link unduhan file PDF dan file DOC/DOCX Khutbah Jumat 6 Hal Anu Kudu Dipikasieun ku Jalma Musli, ada di akhir tulisan ini.

السَّلَامُ عَلَيْكُمْ وَرَحْمَةُ اللهِ وَبَرَكَاتُهُ

#### **KHUTBAH KAHIJI**

إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَسَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا  
مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلٌّ لَهُ وَمَنْ يُضْلِلُ فَلَا هَادِيَ لَهُ  
أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّداً عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ  
اللَّهُمَّ قَصِّلْ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَعَلَى آلِهِ وَصَاحْبِهِ الَّذِينَ يُحْسِنُونَ إِسْلَامَهُمْ وَلَمْ  
يَفْعَلُوا شَيْئًا فَرِيًّا،  
أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُونَ، أُوْصِينِي نَفْسِي وَإِيَّاكُمْ بِتَقْوِيِّ اللَّهِ، فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ.  
قَالَ اللَّهُ تَعَالَى: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ - بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ  
فَلَمَّا نَسُوا مَا ذُكِّرُوا بِهِ فَتَحْنَا عَلَيْهِمْ أَبْوَابَ كُلِّ شَيْءٍ حَتَّىٰ إِذَا فَرِحُوا بِمَا أُوتُوا أَخْذَنَاهُمْ بَغْتَةً  
فَإِذَا هُمْ مُبْلِسُونَ (الآية)

#### *Hadirin Sidang Jum'at Rohimakumullooh*

Ngawitan khutbah ieu, khatib berwasiat, khususna ka diri nyalira umumna ka jamaah sadaya, supados urang salalawasna ningkatkeun kaimanan sareng katakwaan ka Allah جل جلاله kucara ngajalankeun parintah-Na tur ngajauhan larangan-Na.

Shalawat sinareng salam mugia tetep terlimpah ka baginda Nabi Muhammad ﷺ, anu diri manten-na terpancar suri tauladan dinu kahirupanna.

#### *Hadirin Sidang Jum'at Rohimakumullooh*

Satiap jalmi pasti pernah ngarasakeun sieun, mulai ti sieun kalaparan, sieun panyakit tertentu, sieun kaleungitan pakasaban atawa usahana bangkrut, , sareng sajabina.

Dinu psikologi agama, sakumaha ditulis ku Muhibbin Abdul Wahab, jalmi neangan sareng ngabutuhkeun Pangeran, antara lain, kusabab aya rasa sieun kanu kakuatan di luar dirina.

Rasa sieun, bisa janten energi positif upami dimaknai secara positif, pun kitu sabalikna.

Dinu Alquran, kalimah sieun, antara lain, dinyatakeun ku kata khauf sareng khasyyah.

Kata khasyyah nunjukkeun rasa sieun anu langkung spesifik sareng disarengan pengetahuan atanapi ma'rifat.

#### *Hadirin Sidang Jum'at Rohimakumullooh*

Keur jalmi-jalmi anu ariman, saheunteuna, aya 6 hal anu kudu dipikasieun, diantawisna:

Kahiji, sieun ditimpakeun siksa Alloh, kumargi perbuatan-perbuatan dosa anu pernah dilakukeun. Sahingga urang langsung taubat nasuha ka Alloh.

Kadua, sieun teu tiasa nunaikeun kawajiban ka Alloh sareng ka sasama.

Katilu, sieun amal ibadahna teu ditampi, sahingga sadaya amal ibadahna janten sia-sia belaka.

Kaopat, sieun perlakuna janten fitnah, anu antukna Alloh nimpakeun kemurkaan-Na di dunia ini.

Kalima, sieun akhir hirup anu awon atanapi su'ul khatimah.

Kagenep, sieun siksa kubur, sarta pengadilan sareng azab Allah di akhirat engke.

Kukituna, numutkeun Ibn al-Qayyim al-Jauziyah, sieun ka Alloh Subhanahu wa Ta'ala, hukumna wajib. Margi sieun ka Alloh tiasa nganteurkeun urang salalawasna ibadah ka Manten-Na kucara pinuh katundukkan sareng kakhusyuan.

#### *Hadirlin Sidang Jum'at Rohimakumullooh*

Rasa sieun, kanggo muslim anu ngamaknai positif, bakal gaduh visi masa depan, dimana manehna berjuang nyiptakeun lingkungan positif sareng katurunan anu mandiri, unggul, kuat sareng tangguh, numutkeun ajaran agama Islam. Sakumaha firman Alloh Subhanahu wa Ta'ala:

وَلَيَخِشَّ الَّذِينَ لَوْ تَرَكُوا مِنْ خَلْفِهِمْ ذُرَيْةً ضِعْفًا خَافُوا عَلَيْهِمْ فَلَيَتَقَوَّا أَلَّا اللَّهُ وَلَيَقُولُوا قَوْلًا سَدِيدًا

*Jeung kudu sieun ka Alloh, jalmi-jalmi anu saandai-na ninggalkan di tukangeun manehna anak-anak anu lemah, dimana maranehna sieun kanu (kesejahteraan) budakna. Ku sabab kitu, maranehna kudu takwa ka Alloh jeung kudu ngucapkan kecap anu bener. (QS an-Nisa' [4]: 9).*

Rasa sieun anu dimaknai positif, bakal nganteurkeun hiji hamba ngaraih kanyaah paling luhur, nyaeta ridho ti Allah Subhanahu wa Ta'ala, anu pada giliran-na bakal ngaraih surga-Na.

Sieun ka Alloh, bakal ngajadikeun hiji hamba beuki deket jeung Alloh, moal sieun kaleungitan harta banda, pangaruh, mata pencaharian, jabatan, jeung sajabina. Manehna moal sieun masa depan-na engke. Mugia Alloh maparinan kakiatan iman sareng islam ka urang sadayana. Aamiin yaa robbal 'aalamiin.

أَقُولُ قَوْلِيْ هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللَّهَ لِيْ وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ

#### **KHUTBAH KEDUA**

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَمَرَنَا بِالْإِعْتِصَامِ بِحَبْلِ اللَّهِ، أَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ  
وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ لَا نَبِيٌّ بَعْدَهُ.  
فِيهَا أَيُّهَا الْمُسْلِمُونَ، أُوصِيُّكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ. وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرَكُمْ بِأَمْرٍ عَظِيمٍ  
أَمْرَكُمْ بِالصَّلَاةِ وَالسَّلَامِ عَلَى نَبِيِّهِ الْكَرِيمِ  
فَقَالَ: إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ ءَامَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا  
تَسْلِيمًا

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ، وَرَضِّيِ اللَّهُ تَعَالَى عَنْ كُلِّ  
صَحَابَةِ رَسُولِ اللَّهِ أَجْمَعِينَ. --- امین يا روبال العالمين  
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ  
رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَرْوَاحِنَا وَذُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَقِينَ إِمَاماً  
رَبَّنَا آتَنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ  
سُبْحَانَ رَبِّكَ رَبِّ الْعِزَّةِ عَمَّا يَصِفُونَ، وَسَلَامٌ عَلَى الْمُرْسَلِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

عِبَادَ اللَّهِ إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُنَا بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَىٰ وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ  
وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ وَإِذْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرُكُمْ وَإِشْكُرُوهُ عَلَى نِعْمَةِ  
بَرِزْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ - استغفر الله العظيم لي ولكم  
أَقِيم الصَّلَاةَ

File DOC/DOCX Khutbah Jum'at Sunda, 6 Hal Anu Kudu Dipikasieun ku Jalma Muslim, Print

File DOC/DOCX Khutbah Jum'at Sunda, 6 Hal Anu Kudu Dipikasieun ku Jalma Muslim, Digital

File PDF Khutbah Jum'at Sunda, 6 Hal Anu Kudu Dipikasieun ku Jalma Muslim, Print

File PDF Khutbah Jum'at Sunda, 6 Hal Anu Kudu Dipikasieun ku Jalma Muslim, Digital